

SS.7.C.1.7

Dekri kouman Konstitisyon an limite Pouwa gouvènman an nan separasyon pouwa e kontròl ak balans.

Sant pou Edikasyon Sivik (Center for Civic Education) te adopte materyèl nan resous ke yo te devlope.

SS.7.C.1.7 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 1: Elèv yo ap eksplike konsèp gouvènman ki limite a jan sa etabli nan Konstitisyon Etazini an.

Konstitisyon an gen ladan prensip **gouvènman ki limite**. Sa vle di ke gouvènman an ka fè sèlman sa pèp la pèmèt li fè. Nan peyi Etazini konstitisyon an limite pouwa gouvènman an, oswa akò ki ekri. **Gouvènman Konstitisyonèl la** se yon fòm gouvènman ki baze sou yon seri lwa ki ekri ke tout sitwayen dakò. Nan fòm gouvènman sa a, konstitisyon an se lwa ki pi wo nan peyi a. Konstitisyon an limite pouwa toude gouvènman yo federal la ak eta a. Li di sa chak ka fè ak sa l paka fè. Gouvènman Konstitisyonèl la òganize nan fason sa a pou ke yon sèl moun oswa yon gwoup pa ka jwenn ase pouwa pou l kontwole gouvènman an tout antye.

gouvènman ki limite- yon gouvènman ke konstitisyon an te limite pouwa li, oswa akò ki ekri

gouvènman konstitisyonèl la- se yon fòm gouvènman ki baze sou yon seri lwa ki ekri ke tout sitwayen dakò ak yo; nan fòm gouvènman sa a, konstitisyon an se lwa ki pi wo nan peyi a

Sous

Quigley, C., & Rodriguez, K. *We the People: The Citizen and the Constitution*. Calabasas, CA: Center for Civic Education, 2007. Print.